



Pou Piblikasyon Imedya: 09/07/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL METE AKSAN SOU PREPARASYON ETA A POU GWO TAN
PLISKE RÈS SIKLÒN BERYL AP APWOCHE NEW YORK**

Inondasyon toudenkou, gwo van, lagrèl ak tanpèt posib jiska jedi

Twòp lapli kapab pwodui inondasyon toudenkou nan anpil pati nan Eta New York

North Country kapab resevwa jiska kat pous lapli

Gouvènè Hochul jodi a mande pou yo fè atansyon pliske rès siklòn Beryl rive nan Eta New York. Lapli pral gen anpil chans kòmanse lannwit lan aswè a ak pi gwo lapli k ap kòmanse mèkredi apremidi epi kontinye jiska mèkredi swa nan jedi. Twòp lapli nan Lwès New York, Finger Lakes, Southern Tier, New York Santral, Mohawk Valley, Mid-Hudson, Rejyon Kapital ak North Country kapab deklanche inondasyon. North Country a gen pi gwo potansyèl pou inondasyon toudenkou epi li ka resevwa jiska kat pous lapli ak posiblite pou total ki lokalman pi wo. Gen move tan ki gen ladan tanpèt loraj, gwo van ak lagrèl tou posib nan tout Eta a. Anplis inondasyon toudenkou, blakawout, pye bwa ki tonbe ak domaj enfrastrikti yo ka rive.

"New York pa etranje ak efè devastatè tanpèt yo ka genyen sou kominote nou yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Administrasyon mwen an pral siveye ak anpil atansyon enpak move tan an epi nou ankouraje Nouyòkè yo rete vijilan epi gade previzyon tan an ak anpil atansyon."

Sèvis Meteyowolojik Nasyonal (National Weather Service) la bay alèt ak avètisman sou move tan regilyèman. Pou jwenn yon lis konplè, vizite sitwèb Sèvis Meteyo Nasyonal la nan alerts.weather.gov. Nou ankouraje Nouyòkè yo pou enskri pou alèt ijans lè yo abone nan Alèt NY nan alert.ny.gov, yon sèvis gratis ki bay enfòmasyon ijans enpòtan sou telefòn ak òdinatè ou.

Plis Preparasyon Ajans Eta yo

Depatman Transpò (Department of Transportation)

Depatman Transpò Eta a ap siveye kondisyon meteyo yo epi li prepare pou reponn avèk plis pase 3,440 sipèvizè ak operatè. Tout anlwaye sou teren yo disponib pou angaje konplètman epi entèvni. Yo ka konfigire anlwaye yo nan nenpòt ki kalite ekipaj

repons ki nesèsè (entèvansyon kont inondasyon, dechiktez, chajman ak transpò, vidaj egou, koup ak lans, siyal sikilasyon, elatriye). Tout rezidans nan kote ki afekte yo pral gen anplwaye ak operatè, sipèvizè, ak mekanisyen pandan tout tan evènman an ak operasyon netwayaj priyoritè yo. Kantite ekipman ki genyen nan tout Eta a repati konsa:

- 1,431 gwo kamyon abèn baskil
- 315 gwo chajè
- 90 dechiktèz
- 86 ekskavatriks ak wou ak cheniy
- 31 platfòm tou trafik
- 13 kamyon aspiratè ak jè egou
- 11 ekip pou pyebwa avèk kamyon nasèl

Otorite Thruway (Thruway Authority)

Anplwaye Otorite Thruway la ap siveye previzyon meteyo a epi li genyen 672 operatè ak sipèvizè ki prepare pou reponn a nenpòt pwoblèm ki an rapò ak van oswa inondasyon nan tout Eta a yo avèk ekskavatriks ki piti pou rive nan sa ki gen tay mwayen yo, kamyon chasnèj/baskil yo, gwo kamyon chajè yo, pano VMS pòtab yo, poto limyè pòtab yo, jeneratriks ki pi piti yo, ponp ki pi piti ak trelè pou transpòte ekipman yo, ansanm ak aparèy siyalizasyon ak lòt aparèy kontwòl sikilasyon ki disponib pou nenpòt detou oswa fèmty yo. Yo itilize Pano pou Mesaj Varyab (Variable Message Signs) ak rezo sosyal yo pou avèti otomobilis yo sou kondisyon move tan pandan yo sou Thruway la.

Kantite ekipman ki genyen nan tout Eta a repati konsa:

- 342 Gwo Kamyon Baskil Abèn ak Ti Kamyon
- 67 gwo chajè
- 34 Trelè
- 5 Kamyon Aspiratè
- 14 Ekskavatriks
- 8 dechiktèz ak bwòs
- 99 Twonsonez
- 22 Kamyon Ayeryen
- 25 Chajèz ak Direksyon
- 86 jeneratriks pòtab
- 69 Inite Ekleraj Pòtab

Otorite Thruway ankouraje otomobilis yo telechaje [aplikasyon mobil li yo ki](#) disponib pou download gratis sou aparèy iPhone ak Android. Aplikasyon an bay otomobilis yo aksè dirèk ak kamera sikilasyon yo nan tan reyèl, enfòmasyon sou sikilasyon an nan tan reyèl, ansanm avèk asistans pou navigasyon pandan yo sou wout. Otomobilis yo ka enskri tou pou [TRANSalert](#) ki bay dènye kondisyon sikilasyon yo sou otowout

Thruway, suiv [@ThruwayTraffic](#) sou X, epi vizite thruway.ny.gov pou wè yon kat anime k ap montre kondisyon sikilasyon an sou otowout Thruway ansanm avèk lòt wout Eta New York yo.

Depatman Sèvis Piblik (Department of Public Service, DPS)

Sèvis piblik New York yo genyen apeprè 6,000 travayè disponib pou angaje nan evalyasyon domaj, efò entèvansyon, reparasyon ak restorasyon atravè Eta New York, pou evènman sa a, ki gen ladan, nan moman sa a, 450 travayè anplis ke NYSEG garanti ak 50 travayè ekstèn O&R garanti. Anplwaye Ajans yo pral swiv travay sèvis piblik yo pandan tout evènman an epi asire sèvis piblik yo deplase anplwaye apwopriye nan rejyon ki gen pi gwo enpak la.

Lapolis Eta New York

Lapolis Eta a prepare pou li deplwaye manm Patwouy anplis, jan sa nesesè, pou ede zòn ki afekte yo. Tout veyikil Lapolis Eta a ki espesyalize, tankou veyikil kat-pa-kat ak veyikil itilite (UTV) yo deja an pozisyon epi yo pare pou yo fè entèvansyon imedyatman. Yo te teste tout ekipman alimantasyon elektrik ak ekipman kominikasyon ijans Twoup la yo.

Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal (Department of Environmental Conservation, DEC)

Ofisyè Lapolis Pwoteksyon Anviwònman DEC yo, Gad Forè yo, anplwaye Jesyon Ijans yo, ak anplwaye rejyonal yo nan eta dalèt epi yo ap siveye sitiyasyon ki ap devlope a epi yo aktivman ap fè patwouy nan zòn ak enfrastrikti ki gen anpil chans pou yo afekte poutèt move tan. Tout resous ki disponib yo, ki gen ladan ekip rapid pou sovtajan nan dlo yo nan pozisyon pou yo ede nan nenpòt repons ijans.

Avèk posiblite pou gwo lapli, yo konseye randonè yo pou evite tanporèman tout santye ki gen altitud wo yo ak santye ki travèse rivyè ak kouran dlo yo. N ap ankouraje randonè nan Adirondacks yo tcheke paj wèb [Enfòmasyon sou zòn Kanpay Adirondack la](#) pou mizajou sou kondisyon santye yo, fèmti wout sezonnye yo, ak enfòmasyon lwazi jeneral.

Biwo Pak, Lwazi ak Konsèvasyon Istorik (Office of Parks, Recreation and Historic Preservation)

Lapolis Pak Eta New York ak anplwaye pak yo rete alète epi y ap swiv depre kondisyon metewolojik ak enpak yo. Vizite pak yo ta dwe vizite parks.ny.gov, tcheke aplikasyon mobil gratis NY State Parks Explorer oswa rele biwo pak lokal yo pou yo jwenn dènye nouvèl konsènan lè fonksyonman pak yo, lè ouvèti ak fèmti yo.

Konsèy Sekirite pou Move Tan

Founiti nan Ka Katastwòf

Genyen founiti sou men, tankou:

- Flach ak pil siplemantè
- Radyo ki fonksyone ak batri ak batri ekstra yo

- Twous premye swen ak manyèl
- Manje ak dlo pou ijans
- Kle ki pa elektrik pou ouvri kanèt yo
- Medsin esansyèl yo
- Chekye, lajan kach, kat kredi, kat ATM

Inondasyon Toudenkou

Pa janm eseye kondi nan yon wout ki inonde. Vire tounen epi fè yon lòt wout. Si dlo a kòmanse monte rapid bò kote ou, abandone machin lan imedyatman. Pa souzestime pwisans destriksyon dlo k ap kouri vit. De pye dlo inondasyon k ap kouri rapid pral fè machin ou flote epi dlo k ap kouri ak yon vitès 3.2 kilomèt pa èdtan ka pote ale machin ki sou wout oswa sou yon pon.

Zeklè

Swiv enstwiksyon 30-30: Si tan ant moman ou wè ekla zeklè an epi koute kout loraj la se 30 segonn oswa mwens, kout zèklè an pre ase pou li frape ou. Chècheabri imedyatman. Apre dènye ekla zeklè an, rete tann 30 minit anvan ou soti nanabri ou an. Kout zèklè yo frape bagay ki pi wo an. Si ou sou yon liy pye bwa, kouri ale anba l epi kwoupi si ou nan yon zòn ki ekspoze. Si ou pa kapab ale nan yonabri, rete lwen pye bwa yo. Si pa genabri, kwoupi nan zòn ki ekspoze, epi rete lwen a yon distans doub fwa longè pye bwa a.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou preparasyon pèsònèl ak kijan pou rete an sekirite pandan move tan vizite: <https://www.dhses.gov/safety>.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)